

THE REWARD OF LUST AND WANTON DESIRE

Lesson 121

NUMBERS 11:1-15; 30-35

Memory verse : "*All the labor of man is his mouth, and yet his soul is not satisfied.*" Ecclesiastes 6:7

IMPERA Y'IVYIPFUZO BIBI N'UBUKUNZI BW'INDA

Icirwa ci 121

Guharura 11:1-15 ; 30-35

Ijambo ngenderwako : "*Uburuhe bwose bw'umuntu buterwa n'inda yiwe, yamara ntashira ipfa*" Umusiguzi 6:7

I. Ukwidodomba kw'Abisirayeli

Abisirayeli bamaze kuva mu bugararwa bw'i Sinayi, bagiye barakambika aho Imana iba iberetse, bakahubaka rya hema ry'ibonaniro. Muri urwo rugendo habaho ibibagora bitandukanye. Baca baherako bidodombera Imana n'abakozi bayo Mose na Aroni. Aho nyene, urubanza ruca ruracibwa, rushirwa mu ngiro. Umuriro uvuye ku Mana uyigiza igice co ku mpera yaho bashagaje. Aha kwari ukubereka igikwiranye n'ingeso yabo yo kwidodomba bamana.

Mose uwo bariko bidodombera aca abikora neza aja kubasabira ikigongwe no kubasengera ku Mana, kandi Imana iramwumvira izimya uwo muriro. Mu gihe c'ibibazo, wofata umwanya wo gusenga ukareka kwidodombo.

II. Ingorane ziterwa n'ukwifatanya n'abanyakibi.

Naho bari bahuye n'igihano c'Imana, ukwidodomba kwarabandanije mu makambi yabo. Ikiboneka ni uko uyu wari umuzi wo kurura uva mu ba nyagiputa bari barabakurikiye bakiva muri Egiputa. Aba, bama bumva ko iyo baja atari iwabo kandi Yehova atari Imana yabo. Nico catuma badahengeshanya gutanguza ingorane mu bana ba Isirayeli. Baguma boshya Abisirayeli kwipfuzza indrya zo mu gihugu bavuyemwo hakunezerarwa Manu umutsima uva mw'ijuru. Biboneka bari baravuye muri Egiputa ariko Egiputa yabagumyemwo.

Inyigisho zabo, zanyarutse kwandukira Abisirayeri, bituma bibagira amagorwa barimwo muri Egiputa. Bidodombera Imana kubera ibipapari, ibitunguru, pasiteke, inyama n'ibindi. Ivyo bariko barasaba ntibifise ishingiro mu gihe babona ko bakiri mu rugando baja i Kanana. Igihe basaba amazi yo kunywa, Imana yarayabahaye itabakariye kuko bariko basaba ikintu ca nkenerwa cane

kuwuri mu rugendo. Bakoze nabi kuko Uhoraho ntiyasiba kubaha Manu imisi yose, akabaha n'amazi avuye mu gitandara.

Aka niko karorero kaboneka, kotuma uwakijijwe mu gihe bikunda, adakwiye kwifatanya n'umunyangeso mbi mu gikorwa cose. Ibi vyohava bimwononera ingeso, bikamutanya n'Umwami Imana **1 Korinto 15:33** « *Ntimuzimire ; kubana n'ababi kwonona ingeso nziza.* »

III. Impera y'ivyipfuzo bibi.

Bakiri mu kwidodomba, ntiyongera kubasukako umuriro, umuyaga uvuye k'Uhoraho uzana inkware aho bacumbitse. Barazifata batangura kuzirya. Uhoraho yashatse kubereka ko hamwe bokwiga gusaba neza, ivyo bakeneye atobura kubibaha kuko afise ububasha ku vyaremwe vyose vyo lw'isi no mw'ijuru.

Kubera uyu munoho w'inyama ukabije, ntawibutse gushima Imana. Bamwe bazirya ari mbisi, izindi barabaga barazitara kugira kumbure azozirye bukeye. Uku kwari ukutizera kuko Uhoraho yari yababwiye ko azozibaha igihe kingana ukwezi. Ivyo bituma Imana yanka kwihanganira ico caha, abasukamwo ikindi kiza kirabatikiza. Umunezero w'ukurya inyama, urangirira mu marira yo guhamba abapfuye.

Uku kutizera kw'aba bantu kwabayeye nk'ingwara idakira kuri bo. Barakunda guha ikibanza ivyaha no kubabaza Imana cane kandi kenshi. Birakwiye ko umuntu asenga kugira Imana imuzigame agire umutima wihangana mu gihe uhaze canke mu gihe ushonje, wabuze canke waronse. Iyumvire abo bapfuye bangana uko kubera kwipfuzo inyama. Pawulo we avuga ngo : « *Nzi gucishwa bugufi, nzi no kugira umurengerera, muri cose no muri vyose natwe ibanga ryo mu vyo guhaga no mu vyo gusonza, ryo mu vyo kugira umurengerera no mu vyo gukena.* » **1 Filipi 4:12.**

IV. Gushira mu ngiro.

Ukiri m'urugendo ntushobora kuronka ivyo wipfuzo vyose mu gihe ubishakiyemwo. Ivyipfuzo umubiri wipfuzo ntivyari bikwiye gutuma wama uridodombera Imana, abavyeyi bawe, uwo mwubakanye canke mbere abayobozi b'ishengero ryawe. Mu gihe uri n'icipfuzo ku Mana ; urayisenga kuko ari umwizigirwa, azokwishura. Ukwidodomba vyegeza inyuma imigenderanire ufitanye n'Imana i, gushima bituma Imana yegera hafi yawe. Hari abazohava bahusha ubwami bw'ijuru kubera gukunda no kwirukangira inda. Bama mu buruhe, ntibigerera mu bikorwa ngo babone akaryo ko gukorera Umwam Yesu wewe afise ikibanza ciza abikamwo ibikorwa vy'umuntu. Ico kumenya ni uko inda idashira ipfa.

Raba abo mufatanya ibikorwa ko batazohava bakumara inkomezi nkuko babigiriye Abisirayeli. Icaha cose gikwiranye n'igihano.

Vyose bishobokera uwizera. Niba wumva umutima ukwagiriza ukutizera no kwidodomba ; urashobora guhaguruka ugasenga ubu nyene.